

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis data dina bab IV, hasil dina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R kasebut mampuh. Ieu hal ditilik tina jumlah siswa nyaéta 31 siswa, aya 17 siswa atawa 55% siswa anu cukup mampuh, 10 siswa atawa 32% siswa anu mampuh jeung 4 siswa atawa 13% anu mampuh pisan kalawan rata-rata peunteunna 54,52. Tina hasil diajar siswa, bisa disebut siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung mampuh dina maca dongéng.
- 2) Kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung taun ajar 2018/2019 sabada ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R aya dina kategori mampuh pisan. Ieu hal ditilik tina jumlah siswa nyaéta 31 siswa, aya 21 siswa atawa 68% siswa anu asup kana kategori mampuh pisan kalawan peunteuna 82,25. Aya 10 urang atawa 32% tina sakabéh siswa anu kriteria peunteunna cukup mampuh. Tina ieu hasil diajar siswa, bisa disebut siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung mampuh pisan maca dongéng kalawan hadé.
- 3) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R. Katitén tina ditilik tina rata-rata peunteun siswa saméméh ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R nyaéta 54,52, sedengkeun sabada ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R peunteun rata-rata siswa nyaéta 82,26. Rata-rata bédha hasil *pre-test* jeung *post-test* nyaéta 27,74. Katitén tina hasil uji hipotésis anu nuduhkeun nilai sig. (*Asymp. Sig-2tailed*) nyaéta 0,000, ku sabab nilai sig. (*Asymp. Sig-2 tailed*) nyaéta $0,000 < 0,05$. Ku kituna H_a ditarima jeung H_0 ditolak. Aya bédana hasil diajar maca dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019. Hartina stratégi

WINDI BUDI GUSDIANI, 2019

STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangajaran SQ3R miboga pangaruh pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung taun ajar 2018/2019.

5.2 Implikasi

Strategi pangajaran SQ3R (*Survey, Question, Read, Recite, Review*) digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng. Ieu stratégi teu nyieun siswa ngarasa hésé nalika ngapalkeun téks dongéng, sabab dina prak-prakanna nyaéta ku ayana tahap *survey* dina mimeti pangajaran, bakal nimbulkeun kapanasaran siswa ngeunaan matéri anu baris dipedar pikeun ngaronjatkeun motivasi siswa dina diajar, siswa dipaparin kasemptan pikeun nyieun patalékan tuluy dijawab ku cara ngalaksanakeun kagiatan maca. Ku kituna, bisa ngarojong siswa pikeun mikir anu kritis jeung aktif dina diajar. Dina stratégi pangajaran SQ3R ogé siswa diperedih maca dongéng ngagunakeun basa sorangan, sabab ku basa sorangan siswa bisa nyangkem téks dongéng dina waktu anu gancang.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, ku kituna diébréhkeun sababaraha hal rékoméndasi, di antarana:

- 1) stratégi pangajaran SQ3R (*Survey, Question, Read, Recite, Review*) bisa ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng. Ku kituna stratégi pangajaran SQ3R (*Survey, Question, Read, Recite, Review*) bisa dijadikeun salasahiji stratégi alternatif pikeun guru dina pangajaran maca hususna maca dongéng.
- 2) dina panalungtikan maca dongéng ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R (*Survey, Question, Read, Recite, Review*) aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, di antarana a) kudu maham kana léngkah-léngkah SQ3R; b) ngararancang pangajaran kalayan asak jeung bener; c) kudu bisa nyipta suasana kelas anu nyaman sarta ngirut perhatian siswa; jeung d) kudu bisa ngakondisikeun waktu.
- 3) dipiharep ayana panalungtikan stratégi pangajaran SQ3R (*Survey, Question, Read, Recite, Review*) dina pangajaran séjenna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun kaéfektifan stratégi SQ3R.

WINDI BUDI GUSDIANI, 2019

STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu